

**LELAGON JARWAN GRUP BAND PENTUL KUSTIK LAN LELAGON BARAT
(TINTINGAN SASTRA BANDHINGAN)**

SHELKY SANDRAWATI

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
shelvysandrawati@mhs.unesa.ac.id

Prof. Dr. Hj. Darni, M.Hum

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Pentul Kustik minangka *youtuber* kang duwe titikan khas, yaiku ngripta lelagon Jawa asil terjemahan saka lelagon barat kang nganggo basa asing. Grup Band kang dipandhegani dening Topan Yuro, Raphael Argase, Rosa Andhika, Yoga Kiswara, lan Ixnatius Damar kalebu sawijine grup kang prodhuktif. Iki bisa didelegeng saka akehe lagu kang diripta saka asil terjemahane lagu barat. Cakepan kang diripta dening Pentul Kustik uga narik kawigaten tumrape panliten, saengga ndadekake lelandhesan anggone panliten kepengn nliti. Panliten iki nggunakake tintingan sastra bandingan, amarga panliten pengin mangerten bedane cakepan asli yaiku kang nggunakake basa barat lan cakepan asil pangripta Pentul Kustik kang wis mawa basa Jawa.

Underan panliten iki yaiku (1) Kepriye kreativitas panjarwa sajrone lelagon Jawa jarwan? (2) Kepriye makna kang kinandhut sajrone lelagon Jawa Jarwan lan lelagon Barat? Dene ancase panliten iki yaiku (1) Kanggo mangerten tingkat kreativitase panjarwa sajrone njarwakake lelagon Jawa asil jarwan. (2) Kanggo njlentrehake makna kang kinandhut sajrone lelagon Jawa asil jarwan lan Lelagon Barat. Panliten iki mujudake sawijine panliten kang asipat dheskriptif kualitatif komparatif. Pamilieh tembung ing panliten iki uga dadi kawigaten tumrap panlit, amarga pamilieh tembung bisa ndadekake titikan utawa daya kreativitase pangripta.

Sawuse njingglensi objek panliten bisa kaandharake bab kreativitase Pentul Kustik kanthi jlentreh kaya ing ngisor iki. Lelagon mawa basa Inggris mau bisa dijarwakake kanthi kreativitas pilihan tembung: 1) Pamilieh tembung nganggo wujud tembung apa anane yaiku, pangripta njarwakake lagu-lagu barat nganggo basa Jawa tanpa ngowahi dawa cendhake wilangan lan pas tegese. 2) Pamilieh tetembungan kang bisa dijarwakake kanthi pas, kanthi nyalarasake *structure* basa Jawa. 3) Kajarwakake nganggo tembung liya kang tegese padha utawa meh padha. Kanthi mangkono panjarwa kudu pinter golek tetembungan kang mathis, supaya tembung kang dipilih bisa pas karo titilaras lan tegese. Dene bab makna kaperang dadi loro, yaiku lelagon kang duwe makna Tresna marang Jalu estri lan lelagon kang duwe makna tresna marang Gusti.

Tembung Wigati: Lelagon, Kreatifitas, Sastra

BAB I

PURWAKA

Isine bab I iki bakal ngandharake (1) lelandhesan panliten, (2) underan panliten, (3) ancas panliten, (4) paedah panliten, (5) watesan panliten, lan (6) jlentrehan tetembungan.

1.1 Lelandhesan Panliten

Sastrra minangka wujud lan asil saka karya seni kang objeke yaiku manungsa lan basa minangka pirantine (Semi, 1988:8). Kasusastran Jawa modern tuwuhan ngrembaka nganti saiki (Hutomo, 1975:20). Kaya dene karya-karya kang wis ana ing jaman saiki. Karya-karya mau awujud geguritan, cerkak, cerbung, novel lan lagu. Kabeh iku diarani utawa mlebu ing lingkup sastra mligine sastra modern. Gegayutan karo bab iku bisa ditegesi yen sastra lan manungsa ora kena dipisahake. Karya sastra

rinipta saka kedadean utawa prastawa kang dialami dening pangriptane.

Miturut Rass sajrone Darni (2016:4) sastra Jawa modern duweni genre-genre sastra kang mirip karo sastra barat yaiku carita cekak padha karo *shortstory*, carita sambung padha karo *long story*, guritan utawa puisi modern padha karo *poem*, lan novel. Kabeh sastra kang wis kasebut kuwi diwujudake lumantar basa. Sajrone bebrayan, basa dadi piranti kang wigati amarga basa dadi sarana kanggo *interaksi*. Tanpa anane basa, manungsa ora bakal bisa medharake apa kang ana sajrone pamikire marang wong ing sakiwa tengene.

Lelagon utawa tetembangan yaiku asil reripta karya sastra kang awujud reroncening tetembungan. Asil saka tetembungan iku mau banjur ditembangake lan ngasilake cengkoklan suara, saengga tetembungan iku mau tansah saya endah (Poerwadaminto, 1937:255).

Tetembangan meh memper karo geguritan yaiku saka tata tatanane.

Lelagon jarwan anggitane Pentul Kustik dadi salah siji jinis lelagon kang narik kawigatene panliti amarga panliti pancen seneng karo jinis-jinis lagu jawa. Saliyane iku lelagon-lelagon kang diripta duweni makna-makna kang maneka warna. Ana kang mujudake makna kandhuk karo basa sumbere uga ana kang mlenceng saka basa sumbere. Nalika pangripta nerjemahake kanthi padha karo makna umume bakal diarani penerjemah kang setya nanging nalika penerjemah mlenceng saka makna asline bisa diarani yen pangrita duweni kreativitas. Mula makna sajrone lelagon kang dibandhingake sajrone panliten iki.

Pentul Kustik minangka *youtuber* kang duweni ciri khas ngripta lelagon Jawa asil jarwan saka lelagon barat kang nganggo basa asing. Pentul Kustik dipandhegani dening Topan Yuro, Raphael Argasae, Rosa Andhika, Yoga Kiswara, lan Ixnatus Damar. Pangripta iki kalebu pangripta kang produktif. Karyane bisa dideleng ing *youtube* kalebu lelagon Wong Edan jarwan saka lagu barat The Man Who Can't be Moved, Teplok jarwan saka Flashlight, Sewu Taun jarwan saka Thousand years, Langit Kebak Bintang jarwan saka Sky Full of Stars, lan isih akeh maneh karyane. Pentul Kustik wiwit ngripta lelagon taun 2015 kaitung patang taun teka saiki, nanging senajan isih patang taun nanging jenenge wis kondhang nganti mlebu salah sijine tv swasta. Grup iku kabentuk saka kumpulan bocah kos ing Yogyakarta.

Panliten kang nganggo tintinan sastra bandhingan dianggep angel tumrap mahasiswa, kanthi alasan kurange bahan, ruwet, lan referensi kang winates. Alesan-alesan kaya mangkono kang njalari panliti saya nemen anggone kepengin weruh. Lumantar tugas akhir panliti bakal sinau luwih jero ngenani sastra bandhingan.

Sastra bandhingan yaiku kajian sastra kang mbandhingake sastra antarane negara siji lan sijine sarta mbandhingake sastra klawan bidhang liya minangka sakabehe aspek kang wigati ana ing panguripan (Damono, 2005:02). Sastra bandhingan duweni rong aliran yaiku aliran Perancis utawa aliran lawas, lan aliran Amerika. Aliran Amerika uga diarani aliran anyar amarga aliran iki tuwuhan saka pangrembakane aliran Perancis (Hutomo, 1993:1).

Sastra bandhingan minangka kagiyatan mbandhingake karya siji lan karya liyane kanthi aspek kang memper utawa meh padha. Miturut Hutomo (1993:11) praktik sastra bandhingan ing Negara kulonan lan Negara wetanan umume adhedhasar afinitas, tradhisi lan pengaruh. Ing panliten iku panliti bakal nggunakake landhesan afinitas lan pengaruh. Afinitas asale saka basa latin *ad* (cedhak) lan *finis* (wates). Afinitas sajrone sastra bandhingan gegayutan karo unsur intrinsik kayata tema, alur, amanat, lsp. Dene pengaruh, ing panliten iku nengenake bab terjemahane.

Lelagon jarwan anggitane grup band Pentul Kustik iku nggunakake basa Jawa dene lelagon barat

nggunakake basa asing (Inggris). Bab kang narik kawigatene saka rong objek iki yaiku kreativitas pangripta ing saben-saben lagu. Kanthi andharan ing ndhuwur muga-muga bisa menehi kawruh tumrap pamaos.

1.2 Underan Panliten

Adhedhasar landhesan panliten ing ndhuwur, underan panliten kaya ing ngisor iki:

- (1) Kepriye kreativitas panjarwa sajrone lelagon jarwan?
- (2) Kepriye makna sajrone lelagon jarwan lan lelagon barat?

1.3 Ancas Panliten

Adhedhasar underan panliten ing ndhuwur, bisa didudut ancase panliten kaya ing ngisor iki:

- (3) Kanggo ngerteni tingkat kreativitas panjarwa sajrone njarwakake lelagon jarwan.
- (4) Kanggo njlentrehake makna sajrone lelagon jarwan lan lelagon jarwan.

1.4 Paedah Panliten

Pamliten iki dikarepake bisa menehi paedah tumrap pangrembakane kasusastran jawa mligine bab sastra bandhingan. Paedah panliten iku yaiku:

- (5) Tumrap pangrembakane sastra Jawa modern, bisa menehi sumbang sih referensi tumrap panliten sabanjure mligine nambahi cacahé panliten kanthi tintinan sastra bandhingan.
- (6) Tumrap pamaos, bisa menehi wawasan ngenani paedah tintinan sastra bandhingan yaiku mbandhingake karya sastra saka rong pangripta.
- (7) Tumrap piwulang sastra, bisa nambahi wawasan lan mbiyantu para mahasiswa sinau bab sastra mligine sastra bandhingan.

1.5 Watesan Panliten

Wewatesane panliten diperlokake supaya panliten bisa *fokus* marang apa kang ditliti. Sawijining panliten kudu diwatesi supaya ora kekamban anggone nliti samubarang bab saengga ndadekake panliten ora *fokus*. Bab-bab kang bakal ditliti ing panliten iku yaiku lelagon jarwan mligine bab kreativitas penerjemahan lan makna cakepan sajrone lelagon kasebut.

Isine bab I iku ngenani (1) landhesane panliten, (2) punjer lan underane panliten, (3) ancase panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Luwih jangkepe diandharake ing ngisor iki.

BAB II

TINTINGAN KAPUSTAKAN

2.1 Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten saemper kang migunakake tintingan sastra bandhingan kanggo mbedah karya satra wis nate digunaake sadurunge, kayata Eka Putri Rahmayanti, jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2011 kanthi irah-irahan “Warisan sajrone Novel Petuh Nyai Blorong Anggitane Peni lan Novel The Testamen Anggitane John Grisham”. Panliten kasebut ngandharake hukum warisan negara Indonesia lan hukum warisan negara Amerika.

Panliten liyane diadharake Cynthia Alifia Putri Yuwono, jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2011 kanthi irah-irahan “Tindak Degsiya sajrone Novel Rembulan Ndhuwur Blumbang Anggitane Sunarko Budiman lan Novel Runaway Wife Anggitane Margaret Way. Panliten kasebut ngandharake ngenani tindak degsiya kang duweni *motif* utawa jalaran kang beda. Nadif Dwi Saputra, jurusan Pendidikan Bahasa Daerah angkatan 2006 uga nliti bab sastra bandhingan kanthi irah-irahan “Konvensi Crita Detektif ing Cerbung Salindri Kenya Kebak Wewadi Anggitane Pakne Puri lan Novel Misteri Tragedi Rumah Warisan Anggitane S. Mara GD”.

Panliten-panliten ing ndhuwur wis kerep ditiliti lan objek kang ditiliti uga nengenake unsur intrinsike. Dene kang bakal dirembug ing panliten iku yaiku ngenani ciri khas utawa kerativitase wong Jawa kang nerjemahake lelagon barat (basa Inggris) dadi lelagon kanthi basa Jawa.

2.2 Musik

Miturut Syafiq (2003:203) musik minangka seni kang njlentrehake gagasan utawa idhe lumantar swara kang duweni unsur arupa melodi, irama lan harmoni, sarta duweni unsur liya minangka panyengkuyung yaiku wujud gagasan, sipat lan werna swara. Musik disuguhake kanthi nggayutake unsur-unsur kayata basa, solah bawa, utawa swara.

2.2.1 Unsur Musik

Musik kang apik lan endah miturut Banoe (2003:288) yaiku music kang duweni unsur-unsur melodi, ritme, lan harmoni. Saliyane iku anggone nyuguuhake music uga disengkuyung karo *elemen-elemen* music liyane supaya katon luwih endah.

Miturut Banoe (2003:286) *elemen-elemen* music utawa unsur-unsur music diperang dadi 3 kaya ing ngisor iki.

2.2.1.1 Musik Sound (Suara Musik)

Musik sound yaiku swara music kang ngandharake ngenani (1) nada (*tone*), (2) tinggi nada (*pitch*), (3) werna swara (*timbre*), lan *names of the notes*. Andharan luwih jangkepe kaya mangkene.

- (1) Nada (*tone*) yaiku swara kang duweni *frekuensi* tartamtu kang diwujudake kanthi lmbang tartamtu (Banoe, 2003:292). Dhuwur orane nada gumantung saka *frekuensi* kasebut (Sukohardi, 2012:5).

- (2) Tinggi Rendah Nada (*pitch*) yaiku ketepatan nada sajrone *frekuensi* tartamtu, kanthi pirembagan kang wis disarujuki dening para ahli (Banoe, 2003:336). Pamanggih kasebut cundhuk karo pangertene *pitch* miturut Syafiq (2003:237) yen *pitch* minangka tingkatan nada kanthi *frekuensi* tartamtu.
- (3) Werna Swara (*timbre*) yaiku rong werna nada kang duweni *frekuensi* lan *amplitude* padha, nangin beda sumbere.

2.2.1.2 Musical Notation (Notasi Musik)

Musical notation (Notasi musik) yaiku swara musik kang ngandharake ngenani (1) tempo, (2) *dinamik*, lan (3) polatan (*ekspresi*). Andharan luwih jangkepe kaya mangkene.

- (1) Tempo yaiku cepet alone lagu utawa *instrument* (Syafiq, 2003:300). Kanggo menehi karakter tumrap lagu, *composer* menehi tempo kang cundhuk karo watak saben-saben lagu. Tempo minangka salah sawijine unsur musik kang paling penting utawa paling dhasar (Sitompul, 1986:105).
- (2) *Dynamics* (Petujuk Dinamik) yaiku tanda kang digunakake kanggo mbedakake kakuatan swara (Sukohardi, 2012:64). Selaras karo tempo, sajrone lagu uga ana owah-owahan dinamik.
- (3) *Expression* (polatan) yaiku kepriye pawongan medharake pangrasa sumirat saka salah sawijine lagu. Ekspresi uga bisa diarani *penghayatan*, *penjiwaan*, utawa *pembawaan* (Syafiq, 2003:94).

2.2.1.3 Element of Theory (Unsur Teori)

Element of Theory (unsur teori) yaiku unsur-unsur teori kang ngrembug ngenani (1) ritme, (2) birama, (3) tangga nada, lan (4) tanda kunci. Andharan luwih jangkepe kaya mangkene.

- (1) *Rhythm* (ritme) yaiku jangkah kang duweni aturan (Banoe, 2003:358). Sajrone lagu, dideleng saka vocal utawa instrumene kalebu alunan swara kang duweni aturan. Dadi ritme dadi salah sawijine bab kang wigati.
- (2) *Metrum* (birama) yaiku bagean kang digunakake kanggo mantha ukara sajrone lagu supaya duweni ukuran kang padha kanthi tanda itungan utaw angka tartamtu (Banoe, 2003:55).
- (3) *Scales* (tangga nada) yaiku urutane nada kang disusun kanthi duweni jenjang (Banoe, 2003:406). Dene miturut Syafiq (2003:205) tangga nada minangka susunan nada kang dironce dadi saoktaf (do-re-mi-fa-sol-la-si-do).
- (4) *Key Signature* (tanda kunci) yaiku tanda nada dhasar kange miwiti lagu. Saben-saben lagu ora mesthi duweni nada dhasar kang padha. Mula, dibutuhake tanda kunci.

2.3 Struktur Lirik

Lagu kang endah ora mung duweni music kang apik nanging uga lirik ing njerone kudu tata supaya tema lan makna sajrone lagu bisa ditampa dening para pamiyarsa. Mula nalika nulis lagu pangripta kudu pinter anggone milih tembung supaya bisa mujudake lagu kang endah. Bab kang kudu digatekake nalika nulis lagu yaiku struktur lirik. Kang kalebu struktur lirik yaiku pamilihe tembung, majas, rima, lan puwakanthi.

2.3.1 Pamilihe Tembung

Lagu minangka salah sawijine wujud karya sastra kang bisa menehi panglipur tumrap para pamiyarsane. Sajrone panulisan lirik utawa cakepan, pangripta kudu nggatekake bab tembung. Mula, pamilihe tembung (*diksi*) mujudake cara kanggo milih tetembungan kang bisa nuwuhake efek tartamtu saka pacelathon utawa reiptan sastra (sudjiman, 1993:13).

Pamilihe tembung dadi salah siji cara anggone pangripta medharake makna, saliyane kuwi uga kanggo medharake *style* sajrone karyane. Miturut Leech lan Short *makna style* luwih nengenake marang pangerten cara panganggone basa sajrone *konteks* tartamtu, marang pangripta tartamtu kanggo tujuwan tartamtu, lan sapanunggalane (Nurgiyanto, 1995: 276). Basa dadi sarana kang digunakake ing pamilihe tembung.

2.3.2 Lelewane Basa

Lelewane basa (*gaya bahasa*) minangka salah siji cara panganggone basa kanthi mligi kanggo mujudake fungsi tartamtu. Sajrone karya sastra, istilah *gaya* utawa *style* ngandhut teges carane pangripta ngandharake gagasane kanthi nggunakake *media* basa kang endah lan duweni *makna* kaanan kang bisa nggawa pangaribawa pamikire, rasa lan nepsune pamaos Aminuddin, 2000: 72).

Karya sastra kang apik mesthi duweni bagean kag nggunakake lelewane basa. Lelewane basa bisa njalari tuwuhe *nilai seni* sajrone karya sastra. Saliyane iku, lelewane basa utawa (*gaya*) uga digunakake kanggo medharake maksud lan tujuwan karya sastra kuwi diripta. Miturut Salbach *gaya* minangka *simbol* kaendahan, minangka samubarang kang suci, minangka samubarang kang endah, lan minangka wewujudan manungsa iku dhewe (Aminuddin, 2000: 72). Lagu kalebu karya sastra kang duweni daya kawigaten tumrap pamiyarsane. Lelewane basa dadi bab kang banget digatekake supaya lagu kasebut luwih endah.

2.3.2.1 Lelewane Basa Penegasan

Sajrone lagu ana tembung-tembung kang pancer disengaja ditulis supaya luwih cetha maknane. Tembung-tembung kuwi mau bisa diwedharake lumantar lelewane basa yaiku lelewane basa penegasan. Lelewane basa penegasan minangka salah siji jinis *gaya Bahasakiasan* kang digunakake kange menehi kesan lan pangaribawa tumrap pamaose.

1) Antiklimaks

Antiklimaks yaiku lelewanning basa kang nggambarake samubarang kanthi cara nyebutake kanthi runtuting tetembungan kang sansaya suwe saya cilik tatarane (Ratna, 2009: 440). Antiklimaks uga bisa diarani lelewanning basa kang isine ngurutake tataran kang paling penting tumuju tataran kang ora penting.

2) Klimaks

Klimaks yaiku lelewanning basa kang nyebutake tetembungan kang urut lan duweni teges sansaya mburi sansaya dhuwur tingkatane (Ratna, 2009: 441). Isa uga ditegesi yen klimaks sawijining lelewanning basa kang ngandhut runtutan pikiran kang saya suwe sansaya dhuwur tingkatane tinimbang tembung sing sadurunge. Klimaks yaiku walikane saka antiklimaks.

3) Pleonasme

Pleonasme yaiku sawijining lelewanning basa kang menehi katrangan marang sawijining tembung kanthi cara diluwih-luwihake, kang sejatiné duweni teges padha (Ratna, 2009: 441).

4) Retoris

Retoris yaiku sawijining lelewanning basa kang nggunakake ukara takon kang sejatiné ora perlu ana wangulan amarga wangulan wis cetha (Ratna, 2009: 443)

2.3.2.2 Lelewane Basa Pambandhing

Lelewane basa pambandhing yaiku lelewane basa kang digunakake kanggo mbandhingake samubarang supaya luwih cetha ancas lan pangaribawane tumrap pamaos.

1) Personifikasi

Personifikasi yaiku sawijining lelewanning basa pambandhing kang mbandhingake anane samubarang kang mati kaya-kaya urip amarga tata runtuting tetembungan kaiket karo sesipataning manungsa (Ratna, 2009: 446).

2) Metafora

Metafora yaiku lelewanning basa kang nuduhake sawijining teges tartamtu kang dibandhingake karo perkara liya. Metafora ora migunakake tembung pambandhing (Pradopo, 2002: 62). Metafora yaiku bentuk basa *figuratif* kang mbandhingake sawijining perkara karo perkara liyane sing pancer ora sairip. Mula sajrone metafora ana rong perkara, yaiku perkara kang dibandhingake lan pambandhinge.

3) Alegori

Alegori yaiku sawijining lelewanning basa kang duweni karep mbandhingake rong ukara adhedhasar pepadhan (*persamaan*) kanthi wutuh utawa sawijining *perupamaan* (Ratna, 2009: 444)

2.3.2.3 Lelewane Basa Pertentangan

Lelewane basa *pertentangan* yaiku jinis lelewane basa kang duweni ciri mbangetake. Bisa diarani yen jinis *majas* iki medharake tembung kanthi makna sing

ora sanyatane. Tujuwan panganggone *majas* iki supaya pamaos bisa luwih tertarik karo apa kang diwaca.

1) Hiperbola

Hiperbola yaiku salah sawijining lelewanning basa kang nambai tetembungan supaya katon mbangetake utawa duweni rasa luwih (*berlebih-lebihan*) saka tembung asline. Hiperbola yaiku sawijining lelewanning basa kang ngandhut ukara kang digedhe-gedhekake supaya bisa nambahi rasa marang sawijining poerkara (Keraf, 2007: 135)

2) Litotes

Litotes yaiku salah sawijining lelewanning basa kang nggamarake sawijining kaanan nggunakake tetembungan-tetembungan kang ora padha kaya kanyatan utawa sawalikane saka kanyatan. Litotes uga bisa didarani sawijining lelewanning basa kang duweni karep nggamarake sawijining kaanan nanging kanthi cara alus, samar utawa *merendahkan diri* (Ratna, 2009: 445).

2.3.2.4 Lelewanning Basa Sindiran

Lelewane basa *sindiran* minangka lelewane basa kang medharake maksud kanthi cara *nyidhir*.

1) Ironi

Ironi yaiku sawijining lelewanning basa kang duweni karep nuduhake makna nggunakake pasemon kang alus. Ironi uga bisa ditegesi lelewanning basa kang nuduhake makna sawijining bab nanging nggunakake *sindiran* (Ratna, 2009: 447).

2) Sinisme

Sinisme yaiku sawijining lelewanning basa kang duweni karep padha kaliyan ironi, nanging sinisme luwih nggunakake pasemon sing kasar. Tetembungan kang digunakake kanggo nyemoni yaiku tetembungan kang kalebu kasar (Ratna, 2009: 447).

2.3.3 Rima

Rima, ing jagade sastra uga diaranipengulanganswara saengga nuwuahake *musikalisisasi* utawa *orchestra*. Miturut Pradopo, 2005: 22 suara duweni fungsi yaiku, mbangetake nalika geguritan diwacakake, nuwuahake rasa, nuwuahake bayangan kang cetha, nuwuahake swasana kang mirunggan, sarta minangka rerenggan sajroning geguritan. Adhedhasar wujude kang dirangkep bisa *vokale*, *konsonane*, utawa *tembunge*. Adhedhasar panggone bisa ing awal, ing tengah, utawa ing pungkasane larik. Wujude kaperang dadi telu yaiku, onomatope, lan *pengulangan* unggapan (Rokhmansyah, 2014: 23).

2.3.4 Purwakanthi

Pandhapuke rong tembung yaiku purwa lan kanthi ndadekake tembung purwakanthi. Purwakanthi duweni teges runtute swara, sastra lan tembung ing mburine. Purwakanthi kaperang dadi telu yaiku:

(1) Purwakanthi Guru Swara

Purwakanthi guru swara kedadean adhedhasar runtute swara sing ana ing tembung ngarep lan tembung kang ana ing mburine. Purwakanthi swara iki yaiku gabungan saka tembung purwa lan kanthi, tegese purwa kanthi kang kadhapuk kanthi wewaton swara lan paugeran swara. Swara kang ana ing wiwitlan diganti utawa digandheng maneh ana ing gatra mburine (Padmosoekotjo, 1953:59). Bisa diarani yen gatra mburine swara meh padha karo gatra ngarepe.

(2) Purwakanthi Guru Sastra

Purwakanthi guru sastra kedadean adhedhasar runtute swara konsonan tembung ngarep lan tembung mburine. Perangane ukara ing sisi mburi nunggal sastra utawa nunggal aksara karo perangane ukara ing ngarep.

(3) Purwakanthi Lumaksita

Endahe cakepan utawa lirik sajrone lagu mesthi gayut karo basane. Purwakanthi basa utawa lumaksita iki minangka unen-unen kang kadhapuk saka rong gatra. Pungkasane gatra kapisan dadi wiwitane gatra kapindho. Purwakanthi basa digunakake supaya reriptane lagu duweni unsur kaendahan/ estetika sarta nuduhake marang pamiyarsa yen ukara kang digunakake pangripta duweni makna.

2.4 Sastra Bandhingan

Sastraa bandhingan minangka jarwan saka basa Inggris yaiku *Comparative Literature* utawa saka basa Perancis yaiku *La Literature Comparee*. Miturut Damono (2005:02) sastra bandhingan yaiku kajian sastra kang mbandhingake sastra antarane negara siji lan sijine sarta mbandhingake sastra klawan bidhang liya minangka sakabehe aspek kang wigati ana ing panguripan. Mula bukane sastra bandhingan minangka ilmu duweni rong aliran. Kaping pisan yaiku aliran Perancis utawa Aliran Lawas. Diarani lawas amarga laire ing Perancis lan dipandhegani dening para pamikir Perancis. Aliran kaping pindho yaiku Aliran Amerika utawa Aliran Anyar. Diarani aliran anyar amarga aliran iki tuwuhan saka pangrembakane Aliran Perancis (Hutomo, 1993:1).

Aliran Perancis duweni panemu yen sastra bandhingan yaiku kagiyatan mbandhingake rong karya sastra saka rong negara kang beda. Panemuiki uga disengkuyung dening aliran Amerika. Nanging saliyane panemu kuwi, aliran Amerika nambahi maneh yaiku sastra bandhingan minangka kagiyatan mbandhingake karya sastra karo bidhang ilmu liya kayata filsafat, sejarah, agama, lan sapiturute.

Miturut Hutomo (1993:11-13) sastra bandhingan cundhuk marang telung bab yaiku:

1) Afinitas

Tembung afinitas asale saka basa latin *ad* (cedhak) lan *finis* (wates). Dadi afinitas gegayutan karo unsur

intrinsik sajrone karya sastra kayata tema, alur, gaya, amanat lan sapanunggalane kang dadi sumber kanggo nulis karya sastra.

2) Tradhisi

Tradisi minangka aspek kang gegayutan karo mula bukane karya sastra. Karya sastra kang lair luwih dhisik dianggep dadi sumber sastra sabanjure.

3) Pengaruh

Istilah kang kang nuwuhake anane adaptasi, sanduran, terjemahan lan transformasi kang gegayutan karo saperangan utawa sakabehe unsur karya sastra.

Saliyane telung bab kang diandharake ing ndhuwur isih ana maneh bab kang perlu diandharake cundhuk karo underan panliten yaiku,

4) Terjemahan

Terjemahan yaiku alih basa saka basa kang disilih. Tegese alih basa saka basa sumber menyang basa sabanjure. Damono (2005:40-41) ngandharake yen sejarah sastra ndonya wis ngakoni yen *ketidaksetiaan* utawa *kekeliruan* nalika proses nerjemahake kala-kala bisa ndadekake daya kawigaten tumrap pamaos.

Gegayutan karo bab ing ndhuwur, landhesan panliten iki yaiku afinitas lan pengaruh mligine bab terjemahan. Hutomo (1993: 9-11) ngandharake yen ruwang lingkupe sastra bandhingan ana wolu yaiku:

- 1) Mbandhingake rong karya sastra kang duweni basa kang bener-bener beda.
- 2) Mbandhingake rong karya sastra saka negara kang beda nanging nganggo basa kang padha ateges basa padha dialek beda.
- 3) Mbandhingake rong karya sastra saka negara sing beda nanging asal negara pengarang padha.
- 4) Mbandhingake karya sastra salah sawijine pengarang wiwit ing negara asale karo karya sastra sawise dadi warga negara liya.
- 5) Mbandhingake karya sastra sawijine pengarang kang wis dadi warga negara sawijine Negara tartamtu (dudu negara kelairane) karo karya sastra sawijine pengarang saka negara liya.
- 6) Mbandhingake karya sastra sawijine pengarang kang nulis rong basa, yaiku nganggo basa dhaerah lan sing ditulis nganggo basa Indonesiaia utawa basa manca liyane.
- 7) Mbandhingake rong karya sastra saka rong pengarang warga negara Indonesia sing nulis karya ing basa asing kang beda.
- 8) Mbandhingake rong karya sastra wong manca sing urip ing salah sawijine Negara karo karya asli saka negara kang dinggoni.

Andharan ngenani wolung ruwang lingkup sastra bandhingan ing ndhuwur, kang dadi objek panliten iki

yaiku mbandhingake rong karya sastra kang bener-bener duweni basa kang beda.

2.5 Landhesan Teori

Sawijine panliten ora bakal kaleksanan kanthi lancar yen ora ana landhesan teori kang cetha. Landhesan teori digunakake supaya apa kang ditliti bisa cundhuk karo underan panliten. Sajrone panliten iki ana bab-bab kang luwih ditengenake.

Lirik lagu utawa cakepan minangka salah sawijine karya sastra kang bisa ditintingi kanthi maneka warna cara. Salah sawijine yaiku kanthi ancangan sastra bandhingan. Sastra bandhingan iki bakal mbandhingake objek kang bakal ditliti yaiku lagu Jawa jarwan anggitane Grup Band Pentul Kustik lan lagu barat. Kanggo nithingi bab iki panlti nggunakake ancangan sastra bandhingan pamawase Damono yaiku bab jarwan.

BAB III

METODHE PANLITEN

Metode minangka salah sawijine cara panlti kanggo ancangan supaya asil saka apa kang ditliti bisa dipertanggungjawabake. Ing bab iki bakal diandharake ancangan panliten, sumber dhata lan dhata, sarta metode lan *teknik* kang digawe sajrone panliten iki.

3.1 Ancangan Panliten

Sajrone ancangan panliten iki, yen diawas saka konsep, lelandhesan teori sajroning panliten iki yaiku nganggo metodhe dheskriptif kualitatif komparatif. Panliten kang nganggo metodhe kualitatif asipat dheskriptif yaiku nyathet kanthi rinci lan tliti sakabehing kahanan kang dideleng, dirungu, lan diwaca sarana wawanrembug, foto, tape recorder, lan liya-liyane. Metodhe dheskriptif kang dikumpulake awujud tembung-tembung, gambar, lan ora awujud angka (Endraswara, 2003:3).

Metodhe dheskriptif kualitatif nyuguhake dhata kanthi cara dheskripsi kang adhedhasar kasunyatan lan nggunakake basa minangka medhia kanggo mangsuli. Panliten iki uga kalebu panliten kang asipat komparatif. Komparatif saka basa *inggris* yaiku *comparation* kang duweni teges perbandhingan. Dadi panliten komparatif asipat mbandhingake bab kang padha saka rong faktta utawa luwih. Saka andharan kuwi mau, panliten iki ditindakake nganggo landhesan dheskriptif kualitatif komparatif supaya bisa ngolehake informasi ngenani lelagon Jawa terjemahan anggitane grup band Pentul Kustik lan lelagon barat kanthi akurat lan jelas.

3.2 Sumber Dhata lan Dhata

Panliten ora bakal katindakake tanpa anane sumber dhata lan dhata. Saka anane dhata lan sumber dhata bisa dingerten iki kepriye Teknik lan metodhe kanggo

nganalisis dhata kang dibutuhake utawa dingo nalika proses panliten. Ing perangan iki bakal diandharake dhata kang ana sesambungane karo tintingan sastra bandhingan.

3.2.1 Sumber Dhata

Sumber dhata minangka bab kang wigati nalika nindakake panliten. Sumber dhata yaiku subjek kang nuduhake asal usule objek. Sajrone panliten iki, sumber dhatane diperang dadi loro yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang menehi katrangan langsung ngenani objek. Sumber dhata primer ing panliten iki yaiku video lelagon terjemahan anggitane Pentul Kustik lan video lelagon barat kang cundhuk klawan lelagon terjemahan kasebut. Dene sumber dhata sekunder yaiku sumber dhata kang ora menehi dhata kanthi langsung. Ing panliten iki kang dadi sumber dhata sekunder yaiku buku lan referensi kang gegayutan karo objek yaiku sastra bandhingan.

Sumber dhata kang bakal diandharake ing panliten iki yaiku:

No.	Judhul Lelagon Terjemahan	Katra ngan	Judhul Lelagon Barat	Katra ngan
1.	Wong Edan	WE	The Man Who Can't Be Moved	TMW CBM
2.	Tak Marem-Maremke	TMM	I Don't Wanna Miss a Thing	IDWM T
3.	Kecut	KCT	Magic	Mgc
4.	Teplok	TPL	Flash Light	FL
5.	Sewu Taun	ST	Thousand Years	TY
6.	Sawijining Dina	SD	Story of My Life	SML
7.	Langit Kebak Bintang	LKB	Sky Full of Stars	SFS
8.	Bali	BL	Home	HM
9.	Rak Eling	RE	Faded	FD
10.	Aja Gawe Gela	AGG	Don't Let Me Down	DLM D

3.2.2 Dhata

Dhata yaiku cathetan arupa kasunyatan (Arikunto, 2006:118). Dhata kang ana sajrone panliten iki yaiku tetembungan, frase, lan intrinsic sajrone lelagon jarwan anggitane grup band Pentul Kustik lan lelagon Barat. Unsur-unsur kasebut selaras karo tintingan sastra bandhingan.

3.3 Teknik Ngumpulake Dhata

Metodhe panliten minangka tatacara kang bakal ditindakake sajrone panliten. Sajrone metodhe iki ana kang diarani Teknik ngumpulake dhata. Teknik iki minangka

langkah kapisan kanggo ngolehake dhata sajrone panliten. Dhata ora bakal diasilake yen ora ana Teknik iki.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teknik nyimak lan nyathet. Teknik nyathet yaiku teknik ngumpulake dhata kanthi cara nyathet asile nyimak. Sawise nggunakake teknik nyathet, panliti banjur njabarake lan ngelompokake dhata (Sudaryanto sajrone Muhammad, 2011:211). Panliti bisa maca lan njingglengi maneh kanggo nemokake asil panliten kang kinandhut sajroning *teks* karo katindakake kanthi *objektif* lan *sistematis*.

3.3.1 Klasifikasi Dhata

Klasifikasi dhata ditindakake supaya nggampangake panliti kanggo nganalisis dhata. Tahap klasifikasi iki kanggo nggolongake dhata miturut kategori tartamtu banjur diperang. Klasifikasi iki ditindakake adhedhasar:

- 1) Memper orane teges sajrone Lelagon Jarwan lan Lelagon Barat.
- 2) Makna sajrone Lelagon Jarwan lan Lelagon Barat.

3.3.2 Kodhing

Kodhing yaiku menehi kode lan tandha saka dhata kang wis dipilih. Dhata banjur diseleksi miturut underan panliten. Kode lan tandha digunakake supaya panliti lueih gampang anggone nganalisis.

Tuladha : 1) **Nalika sesok aku pas dhewe-an (TPL 1, 1)**

Teges : a. 1) kanggo nuduhake nomer urut pethikan

- b. **Nalika sesok aku pas dhewe-an** nuduhake pethikan. c. **TPL, Pd 1, Gt 1** nuduhake kode utawa tandha. **TPL** nuduhake irah-irahan saka lelagon yaiku Teplok. **1** (ngarep dhewe) nuduhake pada manggone pethikan. **1** (nomer loro) nuduhake gatra manggone pethikan.

3.4 Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis dhata sajrone panliten iki yaiku ngolah dhata kang wis dikumpulake yaiku lelagon jarwan anggitane grup band Pentul Kustik lan lelagon barat. Teknik kasebut katindakake kanthi nengenake bab-bab kang cundhuk karo underan panliten yaiku ngenani kreativitase pangaripita kalebu unsur intriknsik lan makna sajrone lelagon kasebut. Pangolahan dhata kasebut ditindakake kanthi trap-trapan kaya mangkene:

- 1) Nglumpukake dhata yaiku lelagon Jawa terjemahan grup band pentul kustik lan lelagon barat kanthi carangrungokake, maca, lan nyathet.
- 2) Dhata kang wis diklumpukake banjur diwenehi klasifikasi lan kodhifikasi kanggo nggampangake menehi tandha tumrap objek kang kapilih.
- 3) Dhata kang wis diwenehi tandha lan tetenger banjur dijingglengi lan dianalisis miturut underan panliten yaiku ngenani kreativitase pangaripita kalebu unsur

intriknsik lan makna sajrone lelagon kasebut kanthi teori Damono bab terjemahan.

- 4) Sawise dianalisis banjur menehi dudutan saka asil panliten kasebut.

3.5 Cara Panulise Asil Panliten

Tatacara panulisan asil panliten yaiku asile panliten ditulis kanthi cara sistematika skripsi kaya ing ngisor iki:

- BAB I** : PURWAKA, kang isine lelandhesane panliten, underan panliten, ancas panliten, paedah panliten, lan wewatesan panliten.
- BAB II** : TINTINGAN KAPUSTAKAN, kang isine panliten sadurunge kang saemper, lirik utawa cakeepan, struktur guritan, sastra bandhingan, landhesan teori.
- BAB III** : METODE PANLITEN, kang isine ancanan panliten, sumber data lan data, metode lan teknik kang diperang dadi papat yaiku tata cara ngumpulake data, klasifikasi data, tata cara ngolah data, lan tata cara nulis asile panliten.
- BAB IV** : ANDHARAN ASILING PANLITEN, kang isine mujudake andharan saka asiling panliten.
- BAB V** : DUDUTAN LAN PAMRAYOGA, kang isine dudutan lan pamrayoga.

BAB IV

ANDHARAN PANLITEN

Panliten mawa irah-irahan Lelagon Jarwan Grup Pentul Kustik lan Lelagon Barat kanthi Tintingan Sastra Bandhingan iki winates mligi bab kreativitas panjarwa lan makna cakepan sajrone lelagon kasebut, dene tatacarane nliti yaiku kanthi metodhe dheskriptif kualitatif komparatif. Panliten kang nganggo metodhe kualitatif asipat dheskriptif yaiku nyathet kanthi rinci lan tliti sakabehing kahanan kang dideleng, dirungu, lan diwaca sarana wawanrembug, foto, tape recorder, lan liya-liyane. Metodhe dheskriptif kang dikumpulake awujud tembung-tembung, gambar, lan ora awujud angka (Endraswara, 2003:3).

Metodhe dheskriptif kualitatif nyuguhake dhata kanthi cara dheskripsi kang adhedhasar kasunyatan lan nggunakake basa minangka sarana kanggo mangsuli. Panliten iki uga kalebu panliten kang asipat komparatif. Komparatif saka basa Inggris yaiku *comparation* kang nduwensi teges perbandhingan. Panliten komparatif asipat mbandhingake bab kang padha saka rong *fakta* utawa luwih. Saka andharan kuwi mau, panliten iki ditindakake nganggo landhesan dheskriptif kualitatif komparatif supaya bisa ngolehake informasi ngenani lelagon Jawa

terjemahan anggitane grup band Pentul Kustik lan lelagon barat kanthi akurat lan jelas.

4.1 Kreativitas Panjarwa

Kreativitas terjemah bisa kaandharake adhedhasar dhata cathetan arupa lirik lagu jarwan. Dhata kang ana sajrone panliten awujud tetembungan, frase, lan intrinsik sajrone Lelagon Jarwan anggitane Band Pentul Kustik lan lelagon Barat. Unsur-unsur kasebut selaras karo tintingan sastra bandhingan. Dene carane nemtokake yaiku teknik nyimak lan nyathet. Teknik nyathet yaiku teknik ngumpulake dhata kanthi cara nyathet asile nyimak. Sawise nggunakake teknik nyathet, panliti banjur njabarake lan ngelompokake dhata (Sudaryanto sajrone Muhammad, 2011:211). Panliti bisa maca lan njingglengi maneh kanggo nemokake asil panliten kang kinandhut sajroning *teks* kang katindakake kanthi *objektif* lan *sistematis*.

Sabanjure panliti perlu nindakake *klasifikasi* dhata kanggo nggampangake nganalisis. Klasifikasi katindakake kanggo nggolongake dhata miturut kategori tartamtu banjur diperang. Klasifikasi iki ditindakake adhedhasar memper orane teges sajrone Lelagon Jarwan lan Lelagon Barat, karo asline.

Lagu kang endah ora mung nduwensi musik kang apik nanging uga lirik ing njerone kudu tata supaya tema lan makna sajrone lagu bisa ditampa dening para pamiyarsa. Mula nalika nulis lagu pangripta kudu pinter anggone milih tembung supaya bisa mujudake lagu kang endah. Bab kang kudu digatekake nalika nulis lagu yaiku struktur lirik. Kang kalebu struktur lirik yaiku pamilihe tembung, majas, rima, lan puwakanthi.

Lelagon Jarwan Grup Band Pentul Kustik cacahe akeh nanging ora kaimpun dadi siji. Kanggo nggampangake panliti perlu njinisake lan njupuk saperangan minangka objek. Wujude lagu jarwan Basa Jawa anggitane Grup Band Pentul Kustik lan kreativitase bakal kaandharake ing ngisor iki.

4.1.1 Lelewane Basa

4.1.1.1 Hiperbola

Lelewane basa hiperbola, yaiku pamilihe basa kang ngemu surasa mbangetake. Panliten iki akeh banget nggunakake lelewane basa hiperbola sajrone lirik jarwane.

- (1) *Suwe sedhela* (WE 9,1)
Gotta stand my ground (TMWCBM 9, 1)
- (2) *Panas pa udan* (WE 9,2)
Even if it rains or snows (TMWCBM 9, 1)

Pethikan kapisan tinemu ing lelagon ‘Wong Edan’ kang wis dijarwakake saka lagu Barat yaiku ‘The Man Who Cant be Moved’. Panganggone tembung suwe, sedhela, panas, lan pa udan, nggamarake wektu kang suwe banget. Kaya-kaya salawase wektu ketiga nganti

rendheng apa rendheng nganti ketiga, suwe banget anggone tetep ngenteni wong kang ditresnani.

4.1.1.2 Pleonasme

Lelewane basa Pleonasme yaiku sawijining lelewaning basa kang menehi katrangan marang sawijining tembung kanthi cara diluwih-luwihake, kang sejatiné nduweni teges padha (Ratna, 2009: 441). Lagu Jawa kang ana sajrone panliten iki ora kabeh nggunakake lelewane basa Pleonasme kepara mung salagu yaiku ‘Wong Edan’ minangka asil jarwan saka lagu barat ‘The Man Who Can’t Be Moved’. Pethikan kang nuduhake panganggone lelewane basa pleonasme ing lagu kasebut yaiku kaya ing ngisor iki.

- (3) *Ora elek sandhange* (WE 13,3)
There are no holes in his shoes (TMWCBM 13, 3)
- (4) *Ning rusak uripku* (WE 13, 4)
But a big holes in his world (TMWCBM 13, 4)

Gatra-gatra kasebut kaandharake menawa paraga sandhang panganggone wis persis wong edan nanging sejatiné ya ora kaya wong edan satemene. Sing diarani wong edan mesthi wis ora mapakne sandhangane luwih-luwih ana sing wis lali nganggo sandhangan. Dadi lirik kuwi mau mung pengin oleh sensasi ben disawang wong. Jan-jane sandhangane ora elek, nanging uripe sing rusak. Menawa kang dikarepake, sikap utawa tingkah lakune kang nganeh-anehi, mula diarani rusak.

4.1.1.3 Alegori

Lelewane basa alegori yaiku pamilihe tembung kanggo mbandhingake tembung liyane kanthi pepadhanan. Panliten iki nggunakake lelewane basa alegori ing lagu ‘Tak Marem-maremake’ asil jarwan saka lagu barat ‘I Don’t Wanna Miss A Thing’. Pethikan kang nuduhake panganggone lelewane basa alegori yaiku kaya mangkene.

- (5) *Lila aku melek ngrungokke ambeganmu* (TMM 1,1)
I could stay awake just to here you breathing
(IDWMT 1, 1)

Mesthine ngrungokake iku nganggo kuping, ora nganggo mrripat. Pamilihe tembung melek kanggo ngrungokake ambeganmu karepe wong bisane ngrungokake mesthi wae yen wonge ora turu (melek), nanging ngrungokake ambegan mujudake pakaryan kang ora umum. Jalaran ambegan kuwi sipate alus banget. Anggone ngrungokake mesthi butuh *konsentrasi* mulane kajaba kuping kudu mrripe ya melek. Lirik Jawa lan lirik Inggris maknane padha ing larik iki. Kabeh nduweni tujuwan mbandhingake mrripat klawan kuping.

4.1.1.4 Metafora

Metafora yaiku lelewaning basa kang nuduhake sawijining teges tartamtu kang dibandhingake karo perkara liya. Metafora ora migunakake tembung pambanding nanging luwih menyang teges kiasan. Tuladhane kapisan tinemu ing lagu Jawa ‘Tak Marem-maremake’ asil jarwan saka lagu barat ‘I Don’t Wanna Miss A Thing’. Pethikane kaya kang kasebut ing gatra ngisor iki.

- (6) *Turon jejeran krasa obah jantungmu* (TMM 4, 1)
Lying close to you feeling your heart beating
(IDWMT 4, 1)

Sacedhak-cedhake wong jejer ora mungkin bisa ngrasakake utawa ndeleng obahe jantunge wong kang dijejeri. Aja meneh wong liya, sing duwe jantung wae ora bisa ngrasakake obahe jantung, apa maneh wong liya. Amarga kahanane jantung pancen ya ora obah. Upama obaha ya ora ketara, awit jantung mapan ing njero dhdadhané saben manungsa. Pamilihe tembung iki pancen sengaja dinggo mbandhingake karo kahanane wong kang banget tresna, saengga nganti bisa nyawang, ngrasakake apa-apa kang ana ing apa-apane wong kang ditresnani. Nganti bisa ngrasakake obahe jantung. Lirik “*Lying close to you feeling your heart beating*” nduweni teges padha karo ing lirik Jawa. Dadi lirik inggris lan Jawa padha-padha migunakake lelewane basa metafora.

4.1.1.5 Repetisi

Lelewane basa *repetisi* yaiku ngambali tetembungan kang wis disebutake. Tuladha kang kapisan ana ing lagon “*Teplok*” asil jarwan saka lagon Barat “*Flashlight*”. Pethikane kaya ing ngisor iki.

- (7) *Nalika sesuk* (TPL 1, 5-7)
Tomorrow comes (FL 1, 5-7)
- (8) *Nyanyi wae* (TPL 2, 5-7)
I sing along (FL 2, 5-7)
- (9) *Kowe teplok* (TPL 5, 1-3)
You’re my flashlight (FL 5, 1-3)
- (10) *Gegawe gegawe* (TPL 3, 4)
You’re getting me (FL 3, 4)

Panganggone lelewane basa repetisi, nuduhake *kreativitas* pangripta kang prasaja, nanging uga bisa kanggo nambahi utawa mbangetake tegese. Lelewane basa repetisi uga digunakake ing lirik Inggrise kanthi ngambali lirike. Saliyane lelewane basa repetisi, pangripta uga katon mardika kanthi milih tembung kang cekak-cekak kaya tuladha ing ndhuwur. Lirik inggris sajrone tuladha ing ndhuwur uga kanthi tembung-tembung kang cekak. Nanging wis bisa mbangetake makna kang diajab dening pangripta. Simpulan ing lagon iki antarane lirik inggris lan lirik Jawa nduweni makna, lelewane basa, uga *kreativitas* kang meh padha.

4.1.1.6 Ironi

Ironi yaiku sawijining lelewaning basa kang nduweni karep nuduhake makna nggunakake pasemon kang alus. Ironi uga bisa ditegesi lelewaning basa kang nuduhake makna sawijining bab nanging nggunakake *sindiran* (Ratna, 2009: 447). Tuladhane tinemu ing lagon “*Rak Eling*” asil jarwan saka lagon barat yaiku “*Faded*”. Pethikane kaya kang kasebut ing ngisor iki.

- (11) *Yen mung nglangi neng nggon cethek kurang greget*
Tambah jero luwih manteb
Rasane segara sepi, awakku
Urip (RE 5, 1-4)

*These shallow waters, never met what I needed
I'm letting go, a deeper dive
Eternal silence of the sea I'm breathing
Alive (FD 5, 1-4)*

Tetembungan nglangi nggon cethok manut pamawase panliti nggambarakake pacobane urip kang ora sepiraa. Kanggone pangripta, urip mawa pacoban mono lumrah. Mulane nalika dikandhakake “kowe lunga” senajan nganti kaping telu sapada, lan diambahi kaping telu maneh ing pada liyane. Nanging kuwi kabeh isih dianggep pacoban kang isih cilik “nglangi cethok”.

Lirik inggris ing tuladha ndhuwur yaiku *These shallow waters, never met what I needed, I'm letting go, a deeper dive* ora nuduhake pacoban nanging luwih negesake ngenani pikiran kang cethok, pikiran kang durung bisa narima yen mbesuk bakale manungsa kuwi pisah antarane siji lan sijine. pangripta sadhar yen dheweke kudu nglangi luwih jero maneh supaya mangertenii sejatinne urip ora mung perkara asmara.

4.1.2 Pamilihe Tembung

Pamilihe tembung diperang dadi telu, yaiku tembung salugune utawa apa anane, tembung wancah, lan tembung ringkesan. Jlentrehan jangkepe kaya mangkene.

4.1.2.1 Wujud Tembung Apa Anane

Kang dikarepake pamilihe tembug ganggo wujud tembung apa anane yaiku, pangripta njarwakake lagu-lagu barat nganggo basa Jawa tapa ngowahi dawa cendhake wilangan lan tegese. Saperangan ana tetembungan kang bisa dijarwakake kanthi pas, saperangan ana kang kudu dilarasake *structure* tembung structure basa Jawa, saperangan ana kang kajarwakake nganggo tembung liya kang tegese padha utawa meh padha. Kanti mangkono panjarwa kudu pinter golek tetembungan kang mathis, supaya tembung kang dipilih bisa pas karo titilaras lan tegse. Tuladha:

- (12) *Aku rak njaluk* (WE 3, 3)
I'm not broke
- (13) *Saka pojokan ndalan* (WE 11, 3)
On the corner of the street

Gatra “aku rak njaluk” ing lagu *Wong Edan* minangka wujud jarwan persis saka gatra “*I'm not broke*” saka lagu *The Man Who Can't Be Moved*. Kalorone wujud tembunge persis, tatanane persis, semono uga tegese uga persis. Kang mangkono uga tinemu ing gatra “Saka pojokan ndalan” saka lagu *Wong Edan*. Yen kita gatekake gatrane ing lagu basa Inggrise “*On the corner of the street*”. Kalorone duwe tembung kang persis, tatanan kang persis lan tegese uga padha.

4.1.2.2 Wujud Tembung Wancah

Lelagon aggitane Pentul Kustik kang dadi objek panliten iki akeh nggunakake tembung-tembung wancah. Tembung wancah yaiku, tembung kang dicekak wandane. Lumrahe kang diilangake wanda perangan ngarep.

Tembung wancah ing lagon iki digunakake kanggo ngringkes tembung supaya cocog karo wanda ing lagon Jawa apa dene lagon Inggrise. Tuladha kapisan kang nuduhake anane tembung wancah ing lagon Jawa yaiku tinemu ing lagon ‘Wong Edan’ minangka asil jarwan saka lagon Barat ‘*The Man Who Can't Be Moved*’. Pethikane kaya ing ngisor iki.

- (14) *Mung neng pojokan dalan*, jangkebe tembung ana+ing = aneng=neng (WE,1,1)
Going back to the corner (TMWCBM 1, 1)
- (15) *Lan fotoneng tangan*, jangkebe tembung ana+ing = aneng=neng(WE2,2)

Got your picture in my hand (TMWCBM 2, 2)

Panganggone tembung neng ing gatra “*Mung neng pojokan dalan*” Trap-trapane tembung kang trep yaiku mung ana+ing pojokan dalan. Geneya kudu diwancah? Amarga yenngunakake tembung ana+ing bakal nambahi cacahe wanda ing gatra kasebut. Mula banjur kawancah dadi mung neng mojokan dalan. Kajaba ngepasake cacahe wanda, uga ora ngurangi tegese. Mangkono uga kang tinemu ing gatra, ”*lan foto neng tangan*” Jangkebe tembung lan foto ana ing tangan. Kanthi managkono cacahe wanda bisa kaluwihan saka gatra lagu asline.

4.1.2.3 Wujud tembung ringkesan

Kajaba nganggo tembung wancah kreativitase pangripta Lelagon aggitane Pentul Kustik kang dadi objek panliten iki uga tinemu tembung ringkesan. Karepe adhedhasar gatra-gatrane lagu kang ana banjur karingkes nganggo tembung anyar. Ewa dena ora ngowahi tegese lagon kasebut. Tuladha:

- (16) *Kula nuwun ati deg-degan* (KCT 1, 5)
Knocked on your door with heart in my hand
- (17) *Bapakmu saklek khas wong mbiyen* (KCT 1, 7)
Cause I know that you're an old fashioned man yeah yeah

Tuladha gatra, ”*kula nuwun ati dhev-dhegan*” saka lagu *Kecut*, mujudake ringkesan saka gatra, ”*Knocked on your door with heart in my hand*” saka lagu barat mawa judul Magic. Umpama dijarwakake kanthi apa anane gatra kasebut yaiku, dak dhodhog lawangmu nganggo ati lan tanganku. Gatra kasebut yen ditegesi sawantahe kaya ora lumrah. Mulane banjur dijarwakake kanthi ringkesane makna yaiku “*kula nuwun ati dhev-dhegan*” Senajan ing gatra ndhodhog lawang tanpa ngucapake tetembungan, nanging ndhodhog lawang ateges mertamu. Wong mertamu lumrahe nganggo tetembungan kula nuwun. Keprigelan milih tembung mau mbutuhake pemikiran lan kalantipan supaya mathuk tegese lan cacahe wandane. Mangkono uga pamilihe tembung ati dhev-dhegan. Milih tembung kasebut uga mbutuhake pemikiran kang njlimet, supaya pas karo konteks e lagu kanthi utuh.

4.2 Makna Sajrone Lelagon Jarwan lan Lelagon Barat

Kanggo meruhi makna kang ana ing sajroning Lelagon Jarwan lan Lelagon Barat iki katindakake kanthi cara dheskriptif kualitatif. Karepe nyuguhake dhata kanthi cara ngandharake dheskripsi adhedhasar kasunyatan lan nggunakake basa. Kajaba ngandharake secara dheskripsi uga mbandhingake *fakta*. Kanthi mangkono panliten bakal bisa nemokake makna kang sipate dheskriptif kualitatif tumrap Lelagon Jarwan anggitane Grup Band Pentul Kustik lan Lelagon Barat kanthi akurat lan jelas.

Makna kang kinandhut ing Lelagon Jarwan lan Lelagon Barat anggitane Grup Band Pentul Kustik, bisa kita andharake kanthi nyemak mbaka tembung kang karakit ing lelagon-legon kang wis kapilih. Sacara umum lelagon-lelagon kang kapilih ing panliten iki nggambarakake urip bebrayan kang kebak karesnan. Karesnan antarane manungsa lan manungsa kang didhasari rasa-rasane manungsa kang kebak nepsu lan karesnan antarane manungsa lan karesnane manungsa marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Dene andharane kaya mangkene.

4.2.1 Tresna Jalu Estri

Kodrate manungsa duwe rasa tresna. Tresnane manungsa marang sapadha-padha, anak lan wong tuwa lan karesnan antarane wanita lan priya. Kepriye carane para manungsa mbabarake karesnane marang kang ditresnani antarane wong siji lan sijine ana beda-bedane. Kahanan kang nggambarakake kepriye carane wanoda lan priya nyambung rasa tresna bisa kita titik saka isine lelagon-lelagon kang dadi objek panliten iki.

1) Wong Edan (*The Man Who Can't Be Moved*)

Lelagon kanthi irah-irahan “Wong Edan” nggambarakake paraga kang wis ora bisa nggunakake akal pikiran kanthi normal. Wong edan lumrahe wis ora nggatekake sandhang panganggone, pocapane, lan patrape. Wong edan ing kene ora edan amarga penyakit raga nanging amarga ora bisa nampa kasunyatan ditinggal wong kang ditresnani. Kang mangkono nuduhake yen asmara iku duwe pangaribawa kang gedhe tumrap jiwane manungsa. Pancen kanthi karesnan, kita bakal bisa ngrasakake urip kang ayem tentrem. Kosok baline amarga karesnan uga bisa njalari uripe manungsa sangsara kedhungsang-dhungsang, kepara njalari kaya wong edan kaya kang digambarake ing lelagon iki.

Sejatiné wong urip panceñ mbuthake rasa tresna nanging dudu karesnan kang ngayawara, karesnan kang kebak ubaling nepsu. Kaya kaya kaandharake ing gatra ngisor iki:

*Mung neng pojokan dalam
Nyawang sliramu
Tak gelari klasa
Kanggo ku nunggu*
(WE 1, 1-4)

Saka gatra-gatra kasebut bisa kita gambarake kahanane wong kang nglayung amarga ubaling geni asmara. Kelangan dayane akal pikiran, tanpa duwe rasa isin mung ngantheng ing pojokane dalan. Mesthi wae dalan iku akeh wong kang nglowiati, nanging dheweke wis ora nyelikuri. Apa maneh nganti nggelar klasa. Kanthi piranti klasa kang digelar, mesthi wong kasebut wis ora ngadeg nganyer wae, nanging uga turu apa dene dlosoran sakarepe. Amarga nunggu wong kang ditresnani, ora nggatekake wong sakiwa tengene. Anane klasa kang digelar nuduhake yen wong kang kasmaran wis ora mikir ing ngendi olehe kudu mapan. Senajan kudu turu glangsaran ing pojokane dalan.

Andhran kang kaya mangkono uga diandharake ing lirik lagu barat kanthi irah-irahan *The Man Who Can't Be Moved*.

*Going back to the corner
Where I first saw you
Gonna camp in my sleeping bag
I'm not gonna move*
(TMWCBM 1, 1-4)

Pethikan kasebut uga duwe teges kaya kang kaandharake ing ndhuwur, yaiku balik ing pojokan dalan ing papan kawitane ketemu bakal ngenekekake kemah ing turon, aku ora bakal lunga. Kanthi mangkono genah yen ing lairik kasebut nyaritakake yen paraga kang dicaritakake bener-bener wis ora mikir bab liya kajaba wong kang ditresnani, lan panggah pengin ketemu.

2) Takmarem-Maremke (*I Don't Wanna Miss A Thing*)

Isih ngrengbug bab karesnan kaya lelagon mawa irah-irahan Wong Edan, nanging ing lelagon iki, pangripta wis thukul rasa seleh. Ora kaya ing lelagon sadurunge kang nggambarakake wong tresna nganti kaya mendem lan gendheng, ing lelagon iki, pangripta wiwit rumangsa bisa ngadhepi kasunyatan. Paraga kang nandhang asmara wis ora ngumbar nepsune nganti kelangan suba sita lan trapsila. Ing Lelagon Takmarem-Maremke ana pambudidaya kang sipate *positif*. Senajan ana kepenginan ngesokake rasa tresnane nanging sajake isih dikendhaleni hawa nepsune. Bab iki ketara saka maknane tetembungan kang kacetha ing judhul, Takmarem-Maremke. Senajan ora pati marem nemen, nanging mbudidaya bisa ngrasakake marem. Kahanan iki bisa dibuktekke saka panganggone tetembungan kaya ing ngisor iki.

*Lila aku melek ngrungokke ambeganmu
Nyawang esemmu pas turu*
(TMM 1, 1-2)

Lagu barat mawa irah-irahan *I Don't Wanna Miss a Thing* uga ngandharake bab kang padha yaiku tinemu ing lirik:

*I could stay awake just to hear you breathing
Watch you smile while you are sleeping*
(IDWMT 1, 1-2)

Tegese yaiku aku uga gelem melek terus kanggo ngrungokake ambeganmu lan nyawang esemmu pas kowe turu. Gatra iki nuduhake yen paraga duwe rasa iklas nampa kasunyatan, senajan mung bisa ngrungokake ambegane lan nyawang eseme wong kang ditresnani nalika turu. Ing kene nuduhake yen paraga ora tumindak nistha, senajan ana sandhinge wong kang ditresnani mung cukup nyawang lan nyandhing. Senajan ana pitokon, "Kok bisa nyawang eseme pas turu? Sejatine wong kang ditresnani kuwi bojone apa pacangane?"

3) Kecut (Magic)

Lelagon mawa irah-irahan "Kecut" isih ngrembug bab kasmaran. Tembung kecut ing lelagon iki ora ateges rasane asem utawa woh-wohan kang isih nom. Sok kita rungu wong lanang kang bisaane ngrokok banjur ora ngrokok jarene kecut. Dudu kecut rasane ilat. Kecut ing kene tegese ana sambung rapete karo rasa pangrasa. Apa kang pengin diandharake pangripta ing Lelagon Kecut iki?

Pangripta ngajak para pandhemen lelagon iki ngrasakake kecute wong kang mendem asmara. Senajan paraga kang nandhang asmara wis nyadari kahanane kang sarwa kekurangan. Senajan mung numpak pit, amarga ora duwe motor, nanging duwe niat kang kuwat. Ing jaman saiki, sepeda motor kaya dudu barang aji banget. Meh saben kluwarga duwe motor. Cacahe malah ora mung siji nanging dicocogake karo cacahe sirah. Saben anggota kluwarga kaya-kaya duwe motor dhewe, amarga kanggo nyukupi kabutuhane dhewe-dhewe. Ing lelagon iki dikandhakake mangkene:

*Setu isuk ku tangi gasik
Dandan sing patut
Rak duwe motor, mangkat numpak pit
Menyang omahmu*
(KCT 1, 1-4)

Gatra kasebut nggamarake paraga kung uripe sarwa kecingkrangan, nanging duwe tekad kang gedhe. Senajan jaman saiki ratan kaya wis meh ora diliwati sepedhah, nanging nyatane paraga iki ora duwe motor mulane budhal trima numpak pit. Nekad tenan. Ewa semono kanggone wong medhayoh, wis netepipranatan kanthi dandan kang patut. Kanthi mangkono tuwu pangarep-arep ajine sarira saka busana. Adharan iki uga kita temokake ing lirik lagu barat mawa judul Magic kaya ing ngisor iki:

*Saturday morning jumped out of bed
and put on my best suit
Got in my car and raced like a jet,
all the way to you*
(Mgc 1, 1-4)

Ing dina Setu mlumpat saka turon lan nganggo setelan klambi sing paling apik numpak mobil ngebut kaya jet menyang omahmu. Senajan ora persis nanging karepe padha. Patut ora ateges apik tur larang apa dene anyar. Patut tegese wis nglungguhi tata susilane wong

menganggo. Kanthi mangkono, sanajan ing tata lair mlarat amarga ora duwe motor, durung mesthi mlarat saka tata susila lan kapribaden. Dakkira panganggep sugih kapribaden luwih utama tinimbang sugih bandha nanging kurang trapsila. Luwih becik maneh, kapribadhen becik, bandha uga nyukupi.

4) Teplok (Flash Light)

"Teplok" minangka salah sijie irah-irahan lagu kang narik kawigaten ing panliten iki. Teplok kang sejatiné bisa ditegesi damar cilik utawa senthir bisa dadi irah-irahan kang nuwuhake teges *ambigu*. Teges kasebut yaiku teplok kang nduweni guna madhangi panggon kang peteng nalika ora ana listrik kayata, kamar, pawon, apa dene papan liyane utawa teplok kang madhangi ati. Yen ditegesi kanthi wantah mesthine teplok digunakake kanggo madhangi nalika ora ana lampu listrik. Kaya kang ana ing lirik ngisor iki:

*Nalika sesok
Aku pas dhewe-an
Kerasa wedi*
(TPL 1, 1-3)

Lagu barat mawa irah-irahan Flash Light uga ngandharake bab kasebut kaya ing gatra ngisor iki:

*When tomorrow comes
I'll be on my own
Feeling frightened up*
(FL 1, 1-3)

Pethikan kasebut kurang luwih tegese, nalika dina sesuk teka, aku bakal dadi awakku utawa pribadiku dhewe, tambah ana rasa wedi. Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen pangripta nduweni rasa wedi. Kanggone wong urip, pepadhang iku pancep penting banget. Bisa kita gambarake yen kita mapan ana ing petengan. Kita ora bakal bisa nindakake pakaryan apa wae. Saliyane kuwi uga bisa ndadekake ati dadi bebeg, sumpeg, apa dene bisa njalari rasa seseg ing dhadha.

5) Sewu Taun (One Thousand Years)

Lelagon Sewu Taun, nggamarake wong kung setya tuhu ngandhemi tresnane. Senajan kudu ngenteni nganti sewu taun upamane, tetep dienteni. Kanggo etungan urip ing alam donya, sewu taun kuwi nglengkara. Nanging kanggone wong kung lagi nandhang asmara, ngenteni sewu taun kuwi ora krasa. Apa maneh yen kung dienteni wong kung banget ditresnani. Dhasare sing ngenteni ya percaya bakal bisa ketemu. Senajan luwih saka sewu taun ya tetep dienteni, ora apa-apa. Senajan wiwitane ya ana rasa was sumelang, kaya kung diandharake ing gatra iki:

*Deg-degan
Janji mung sepisan
Kudu tenan
Awale mangka cen wedi tiba
Ning pas nyawang kowe ana
Rasa ilang isa ilang tanpa sisa
Madhep manteb*
(ST 1, 1-7)

Tembung, “dheg-dhegan janji mung sepisan” nuduhake anane rasa was sumelang. Janji mung sepisan kaya aweh pangarep-arep, dene wong kang ditresnani cukup siji wae. Ora bakal ana liyane. Wiwitane ya pancean ana rasa sumelang, kawatir lamun nganti tiba. Tiba ing kene uga bisa ditegesi cilaka. Cilakane wong kang nyambung tali asamara, lamun kang ditresnani endha utawa lunga tanpa weruh parane. Apa maneh nyata dipek wong liya. Nanging kapitayane bisa dadi madhep manteb maneh bareng nyawang wong kang ditresnani. Andharan kaya ing ndhuwur tinemu ing lagu barat mawa irah-irahan Thousand Years kaya pethikan ngisor iki:

*Heart beats fast
Colors and prom-misses
How to be brave
How can I love when I'm afraid to fall?
But watching you stand alone
All of my doubt suddenly goes away somehow
One step closer*
(TY 1, 1-7)

Kurang luwih jarwane mangkene: jantungku dheg-dhegan nemen awit saka weran-werna janji-janji, kepriye nggonku arep jatuh cinta nalika aku isih wedi gagal. Nanging nalika ndeleng sliramu ijen dhewekan lan aku pengin mlangkah nyedhak meneh.

6) Sawijine Dina (Story Of My Life)

Sawijine Dina mujudake salah sijine lelagon terjemahan kang uga ngrembug bab asmara. Bedane ing kene wong kang nandhang asmara wis tau gegandhengan, malah wis awor saomah. Kanthi mangkono bisa uga sakarone wis gandheng lan kaiket ing jejodhowan. Kekarone wis mbangun bale wisma, wis nindakake apa wae bebarengan. Nanging banjur salah sijine ninggalake pasangane. Kang ditinggalake rumangsa ora bisa nampa kasunyatan kuwi, kanggone dina-dina kang diliwati bebarengan banget mancep lan kepengin terus lumaku nganti tuwa. Kang nuduhake yen kekarone wis tau gegandhengan yaiku gatra ngisor iki.

*Ing tembok omah iki
Ana crita sing wis ketulis
Nadyan aku nyoba
Golek seneng tetep nangis*
(SD 1, 1-4)

Gatra kasebut nuduhake yen kekarone wis gawe sejarah ing sajrone omah. Lumrahe yen wong urip saomah, kanthi urip bebarengan, wis urip jejodhowan. Dene upama ana wong urip saomah, nanging ora kaiket ing kukum kang genah, nyata kuwi tumindak kang nggladrah. Kang mangkono ateges tumindak pelanyahanan. Apa ana? Lagu barat mawa judul Story of My Life, uga ngandharake kaya ngono kuwi ing gatra kaya ngisor iki:

*Written in these walls
Are the stories that I can't explain
I leave my heart open*

But it stays right here empty for days
(SML 1, 1-4)

Jarwane kurang luwih mangkene: katulis ing tembok iki yaiku kisah-kisah sing ora bisa dakjelasake, dakjarake atiku kabukananging tetep wae kosong saben dina. Ing pada kasebut dicritakake yen antarane kalarone wis tau ana sesambungan, malah nganti oara kena dicritakake. Tegese olehe gegandhengan wis nemen.

7) Langit Kebak Bintang (Sky Full of Stars)

Lelagon Langit Kebak Bintang, beda banget karo lelagon-lelagon liyane. Kebak bintang nuduhake kahanan kang padhang jingglang. Langit kebak bintang uga duwe teges urip kebak gegadhangan, gegayuhan kang gampang olehe kasembadan. Padhangke langit uga bisa diupamakake padhang ati. Ati kang padhang, dinggo nyurasa apa wae gampang, tinemu rasa seneng. Ing pamikir uga katon gamblang, ora rinibetan samubarang. Tetembungan ing langit kebak bintang, bisa nggamarake urip kang kebak rasa seneng lan pangarep-arep kang genah kasembadan.

*Sliramu langit kebak bintang
Aku tresna tenan
Sliramu langit kebak bintang
Gawe dalam padhang*
(LKB 1, 1-4)

Ing lelagon iki, ngandharake pawongan kang ditresnani pasuryane padhang banget. Tegese ora nuduhake tumindak kang nistha. Sasolahe nyenengake ati. Bab iki diambil nganti pirang-pirang rambahan. Nyata yen wong kang ditresnni apik banget kapribadene. Utawa saking tresnane mula kang ana mung kaendahan. Kahanane bisa njalari wong liya dadi ayem. Lagu barat kasebut judul Sky Full of Stars uga ngandharake bab kasebut kaya kacetha ing gatra:

*Cause you're a sky
Cause you're a sky full of stars
I'm gonna give you my heart
Cause you're a sky
Cause you're a sky full of stars
Cause you light up the path*
(SFS 1, 1-6)

Jarwan bebase mangkene: Amarga sliramu langit kang kebak bintang, dakwenehake atiku marang sliramu. Amarga sliramu langit kang kebak bintang mula dalan-dalan bisa dadi padhang. Tetembungan “langit kebak bintang” uga nggamarake yen wong kang ditresnani, yaiku wong kang bisa mujudake impen-impene. Wong kang ditresnani wong kang bakal bisa mujudake gegayuhane. Mesthine wong kang ditresnani pancean wong bisa diajak bebarengan mujudake gegayuhan urip.

8) Bali (Home)

Lelagon kanthi irah-irahan Bali, manut pamawase panliti, nggamarake wong lanang kang lunga menyang kutha adoh ninggalake pasangane ing omah. Anggone lunga wis suwe, nganti mangsa ganti mangsa. Tembung mangsa gati mangsa nuduhake wektu kang suwe. Ing tanah

Jawa iki ana mangsa ketiga ana mangsa rendheng. Saben mangsa kapetung nem wulan. Yen diandharake wis mangsa ganti mangsa bisa bae kang lelungan nganti pirang-pirang taun suwene. Mulane banjur tuwuhan rasa kangen marang kang ditinggal.

Ing papan anyar, kutha kang diparani pance nrame. Wis lumrah papan kang dadi tujuwane wong nyambut gawe kuwi rame. Amarga akeh papan-papan kang dadi jujugane wong. Nanging rasane sepi, amarga adoh saka wong kang ditresnani. Critane kang lelungan kepengin banget bisa enggal bali.

*Wis ganti mangsane
Rak krasa wis suwe
Kuthane sepi
Kepengin bali*
(BL 1, 1-4)

Mesthine kutha kang dadi papan tujuwane wong lelungan golek pangan, dudu kutha kang sepi. Kutha kang dituju kanggone wong golek panguripan, lumrahe kutha gedhe, akeh pabrike utawa papan-papan pegaweyan liyane. Ewa dene ramene kutha ora bisa dirasakake dening wong kang nandhang kangen karo kekasihe. Ramene kutha tetep dirasa sepi, amarga kang diangen-angen lan kang dirasakake beda karo kahanane kang sanyatane. Mulane mung ana rasa kepengin bali. Kaya kang kaandharake ing lagu barat mawa judul Home ing gatra ngisor iki:

*Another summer day
Is come and gone away
In Paris and Rome
But I want to go home*
(HM 1, 1-4)

Mangsa ketiga kang lunga teka ing Kutha Roma lan Paris nanging aku tetep pengin mulih. Ing gatra kasebut nggamarake kahanane manungsa, senajan suwe urip ing kutha gedhe, kepriyea kahanane wong lelungan mesthi butuh bali.

Lagon mawa irah-irahan Rak Eling, nggamarake pepasangan kang lagi nandhang pacoban. Kanthi alus wong kang ditinggal pasangane ngandharake yen wong kasebut isih durung eling utawa lagi kailangan kesadharane. Kanthi alus paraga ngandharake yen wong kang diresnani isih ngliya ati. Senajan ditiggala lamun isih bisa nyawang, paraga isih durung rumangsa banget sumelang. Gatra kang nuduhake yen paraga lagi nandhang sungkawa ditinggal pasangane yaiku kaya mangkene.

*Kowe lunga...
Kowe lunga...
Kowe lunga...
Apa iki mung ngimpi
Kowe lunga...
(RE 2, 1-5)*

Rasane paraga kang dikhianati isih durung percaya yen ditinggal, mula olehe ngandharake kanthi dibolan-baleni nganti pirang rambahan. Senajan tetembungan “kowe lunga” diambahi rambah kaping telu,

nanging isih diteruske kanthi gatra “apa iki mung ngimpi” rasa ora pracaya ing kene njalari anane makna sindiran kanggo wong kang ditresnani kuwi mau. Wis genah yen “kowe lunga” nanging isih ora percaya, lah ditakoni “apa iki mung ngimpi”. Rasa ora percaya kang dialami dening pangripta kabukten saka panganggone ukara pitakon, nanging ora mbutuhake wangsuman.

9) Aja Gawe Gela

Lagon Aja Gawe Gela surasane nggamarake paraga kag wis kentekan pangarep-arep. Panyuwune mung siji yaiku ora pengin dilarani, digawe gela, pengine disandhing wae dening wong kang ditresnani. Rakitane tembung katon prasaja banget. Diwiwiti nganggo tembung “wis mentog” kaya wis ora ana pangarep-arep maneh. Swasana sedhilih lan kentekan pangarep-arep disengkuyung kalawan pethikan ing ngisor iki.

*Rak ana sing bisa dicekel
Oh tenanan rak bisa dicekel*
(AGG 1, 2-3)

*Dhevwe wis ilang
Tak goleki kowe rak ana
Wis tak celuk kowe ra teka*
(AGG 2, 1-3)

Cuplikan ing ndhuwur nduweni makna wong kang kelangan daya kekuatan, kelangan rasa keyakinan anggone arep nyandhing wong kang ditresnani. Kaya-kaya wis ora ana maneh upaya kang bisa ditindakake kanggo merjuwangake wong kang ditresnani. Gatra “rak bisa dicekel” dadi wujud nyata kang tinulis dening pangripta kangege negesake yen dheweke pance nisip kelangan tenan. Andharan kasebut yen dibandhingake karo lagu barat mawa judul Don’t Let Me Down kaya ing ngisor iki:

*Crashing, hit a wall
Right now I need a miracle
Hurry up now, I need a miracle
Stranded, reaching out*
(DLMD1, 1-4)

Jarwan kurang luwih mangkene: rasane kaya remuk nabruk tembok, aku mbutuhake mukijiat, enggal tulungan, aku kedampar, sengsara banget.

4.2.2. Tresna Marang Gusti

Tresna marang Gusti Allah, mujudake katresnan kang sejati. Katresnan kanggo nuduhake rasa bekti lan mituhune para umat marang Kang Maha Kuwsa, kang nyipta jagad saisine. Minangka umat kang wis diparingi uba rampene urip wis wajibe duwe rasa bekti marang kang peparing. Nindakake kuwajiban marang Gusti Allah ora bisa katindakake kathi tulus iklas lamun wong mau ora duwe rasa katresnan marang Panjenengane. Awit yen didhasari rasa tresna, adhakane wong bakal ana rasa tansah pengin ketemu. Mangkono uga tresna marang Gusti Allah, tumanjane rasa tresna mau njalari para manungsa tansah kepengin ketemu marang Gusti Allah minangka

sesembahane, kang arsa nuntun para umat lumaku ing dalam bener, iya dalam kang nuntun kita ing taman kamulyan langgeng, taman kasuwargan.

1) Teplok (Flash Light)

Lelagon mawa irah-irahan “Teplok” nggambaraké daya kekuwatane teplok anggone aweh prabawa marang kahanane urip iki. Salugune kang diarani teplok yaiku damar cilik, ublik utawa senthir. Sacilik-cilike damar lamun mapan ing petengan tetep bisa aweh daya padhang. Kanggone wong urip, pepadhang iku penting banget. Bisa kita gambarake yen kita mapan ana ing petengan. Kita ora bakal bisa nindakake pakaryan apa wae.

*Nalika sesuk
Aku pas dhewe
Kerasa wedi
Apa ku ra ngerti
Nalika sesuk...
Nalika sesuk...
Nalika sesuk...
(TPL 1, 1-4)*

Pancen wong urip ing donya ora ngerti kapan watese, kapan enteke, kapan matine, nanging kabeh kudu disiyapake sangune. Urip kudu dilakoni. Nalika kita ngadhepi takdire Pangeran, lan kudu bali marang Panjenengane, wis ora bisa polah apa-apa. Kaya kang diandharake lagu barat mawa judul Flash Light.

*When tomorrow comes
Tomorrow comes
Tomorrow comes
(FL1, 5-7)*

Pangripta lagu barat uga duwe panemu yen urip ing kana butuh pepadhang. Saking pentinge uriping kana mula diambil kaping telu kaya ing ndhuwur. Kurang luwih tegese nalika dina esuk teka; dina sesuk teka; dina sesuk teka. Dina esuk tegese bisa dina akir kang during genah kapan tumekane. Mula penting disiapake tekane, awit dina kuwi mesthi bakal teka. Kita kudu tetep nindaki urip nganti pungkasane takdir.

2) Bali (Home)

Lelagon kanthi irah-irahan Bali, manut pamawase panliti, nggambaraké wong lanang kang lunga menyang kutha adoh ninggalake pasangane ing omah. Anggone lunga wis suwe, nganti mangsa ganti mangsa. Tembung mangsa gati mangsa nuduhake wektu kang suwe. Ing tanah Jawa iki ana mangsa ketiga ana mangsa rendheng. Saben mangsa kapetung nem wulan. Yen diandharake wis mangsa ganti mangsa bisa bae kang lelungan nganti pirang-pirang taun suwene. Mulane banjur tuwuhan rasa kangen marang kang ditinggal.

Ing papan anyar, kutha kang diparani pancen rame. Wis lumrah papan kang dadi tujuwane wong nyambut gawe kuwi rame. Amarga akeh papan-papan kang dadi jujugane wong. Nanging rasane sepi, amarga

adoh saka wong kang ditresnani. Critane kang lelungan kepengin banget bisa enggal bali.

*Wis ganti mangsane
Rak krasa wis suwe
Kuthane sepi
Kepengin bali
(BL 1, 1-4)*

Mesthine kutha kang dadi papan tujuwane wong lelungan golek pangan, dudu kutha kang sepi. Kutha kang dituju kanggone wong golek panguripan, lumrahe kutha gedhe, akeh pabrike utawa papan-papan pegaweyan liyane. Ewa dene ramene kutha ora bisa dirasakake dening wong kang nandhang kangen karo kekasihe. Ramene kutha tetep dirasa sepi, amarga kang diangen-angen lan kang dirasakake beda karo kahanan kang sanyatane. Mulane mung ana rasa kepengin bali. Kaya kang kaandharake ing lagu barat mawa judul Home ing gatra ngisor iki.

*Another summer day
Is come and gone away
In Paris and Rome
But I want to go home
(HM 1, 1-4)*

Mangsa ketiga kang lunga teka ing Kutha Roma lan Paris nanging aku tetep pengin mulih. Ing gatra kasebut nggambaraké kahanane manungsa, senajan suwe urip ing kutha gedhe, kepriyea kahanane wong lelungan mesthi butuh bali. Beasane wong urip ing alam donya bakale kabeh mesthi bali marag asal kamulane gesang.

BAB V

PANUTUP

Andharan kang pungkasan ngenani *Lelagon Jarwan Grup Band Pentul Kustik lan Lelagon Barat* ing panliten iki, yaiku kanthi ngandharake reringkese dudutan kang magepokan kalawan materi kang ditliti, lan ngandharake sawenehing pamrayoga kang gegayutan kalawan panliten iki.

5.1 Dudutan

Sajrone ngripta lelagon jarwan, grup band Pentul Kustik sejatiné mung nggunakake tembungan kang lumrah, utawa lamba. Sanajan mangkono asil alih basa saka basa manca dadi basa jawa kang nggunakake basa lamba iku dadi daya pangaribawa dhewe tumrap pandhemén lagu jawa terjemahan utawa para pamirsa. Awit saka basa kang lumrah iku mau para pamirsa bisa mangerteni maksud kang kinandhut sajrone lagu.

Saliyane iku kang dadi daya tarik saka reriptan lelagon terjemahan iki yaiku anggone kaum mudha kang isih mangerteni utawa gelem ngrembakakake budaya Jawa ing jaman milenial kaya saiki iki.

Kreativitas Grup Band Pentul Kustik sajrone panliten iki yaiku 1) Pamilihe tembung nganggo wujud tembung apa anane yaiku, pangripta njarwakake lagu-lagu barat nganggo basa Jawa tanpa ngowahi dawa cendhake

wilangan lan pas tegese. 2) Pamilihe tetembungan kang bisa dijarwakake kanthi pas, kanthi nyalarasake *structure* basa Jawa. 3) Kajarwakake nganggo tembung liya kang tegese padha utawa meh padha. Sabanjure bab makna kaperang dadi loro, yaiku lelagon kang duwe makna Tresna marang Jalu estri lan lelagon kang duwe makna tresna marang Gusti.

5.2 Pamrayoga

Lelagon Jarwan Grup Band Pentul Kustik minangka salah siji karya sastra kang apik amarga mbabarake anane sesambungan antara manungsa klawan manungsa lan manungsa klawan Gustine. Reriptan lelagon jarwan iki dikarepake bisa migunani tumrap sastra Jawa Modern mligine ing jaman *milenial*. Reriptan iki uga dikarepake bisa nuwuhake rasa tresna marang budaya Jawa ing kalangan mudha kang saya cures dening budaya-budaya manca. Pungkasane reriptan iki muga bisa migunani tumrap piwulangan sastra supaya bisa dadi bahan ajar ing jagading pendhidhikan basa Jawa.

KAPUSTAKAN

Aminuddin. 1995. Stilistika Pengantar Memahami Sastra dalam Karya Sastra. Semarang: IKIP Semarang Press.

Aminuddin. 2010. Pengantar Apresiasi Karya Sastra. Bandung: Sinar Baru Algesindo.

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik* (edisi revisi VI). Jakarta: PT. Adi Mahasatya.

Banoe, Pono. 2003. *Kamus Musik*. Yogyakarta: Kanisius.

Damono, Sapardi Djoko. 2005. *Pegangan Penelitian Sastra Bandingan*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.

Darni. 2016. Kekerasan Terhadap Perempuan Dalam fiksi jawa Modern. Surabaya: Unesa University Press.

Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.

Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Gramedia.

. 1993. *Merambah Matahari: Sastra dalam Perbandingan*. Surabaya: Gaya masa.

Nurgiyantoro, Burhan. 2005. Teori Pengkajian Fiksi. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press

Padmosoekotjo. 1953. Ngrengngrengan Kasusastran Djawa. Surakarta.

Poerwadaminta, W.J.S. 1937. *Baoesastra Djawi*. Tokyo.

Pradopo, Rahmat Djoko. 1987. Pengkajian Puisi. Jakarta: Gadjah Mada University Press.

Pradopo, Rahmat Djoko. 2005. Pengkajian Puisi. Jakarta: Gadjah Mada University Press.

Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa, Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Rokhmansyah, Alfian. 2014. Studi dan Pengkajian Sastra Perkenalan Awal Terhadap Ilmu Sastra. Yogyakarta: Graha Ilmu.

Semi, M. Atar 1993. *Metode Penelitian Sastra*. Bandung: Angkasa

Siswanto, Wahyudi. 2013. Pengantar Teori Sastra. Malang: Aditya Media Publishing.

Soemanang, Muttaqin. 2013. *Analisis Struktur Lagu Puing Karya Iwan Fals*. Skripsi tidak diterbitkan. Semarang: Pps Universitas Negeri Semarang.

Sudjiman, Panuti. 1993. *Bunga Rampai Stilistika*. Jakarta: Pustaka Utama Grafis.

Sukohardi, Al. 2011. *Teori Musik Umum (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Pusat Musik Liturgi.

Syafiq,Muhammad. 2003. *Ensiklopedia Musik Klasik*. Yogyakarta: AdiCita.

Tanpa Aran. *Pentul Kustik*. (online). https://m.youtube.com/channel/UCFD8McLt6dhiLX_z4cZfQ. Diunduh 1 Desember 2017.

